



DYALÒG



GID NAN 3 PA



KISA KI DYALÒG GRANGOU ZEWÒ?

Dyalòg Jenerasyon Grangou Zewo se yon espas pliryèl, ouvè ak patisipatik, kote tout moun ka pataje ide yo epi pran angajman pou elimine grangou nan rejyon an. Atravè rankont natif natal ak fasilite, nou vle ankouraje mobilizasyon ak angajman lidèchip politik yo ak sosyal yo, epitou ogmante konesans sitwayète sou dwa alimantasyon.

KI OBJEKTIF DYALÒG GRANGOU ZEWÒ A?

Motive, sensibilize epi ankouraje moun, kolektif, akademik, òganizasyon sosyal, enstitisyon, lejislasyon yo ak otorite yo reflechi **sou kisa sa vle di fè pati Jenerasyon Grangou Zewo a, ki limit oswa obstak nou gen poun simonte pou nou se yon Jenerasyon Grangou Zewo a ak ki aksyon ak angajman nou ka etabli pou ankouraje** batay la kont eliminasyon grangou ki baze sou objektif RHC ak ODS ,pandan yap pèmèt nan menm tan an pozisyon temetik ki afekte plezi ak egzèsis efikas dwa alimantasyon an, soti nan nivo nasyonal rive nan rejyonal.



1 KOWÒDONE

KISA NOU PRAL KOWÒDONE A?

Rankont natif natal ak fasilite avèk divèsite moun ki promete fè pati Jenerasyon grangou Zewo a nan 2030.

KONBYEN MOUN KI KA PATISIPE?

Yon minimòm de 5 ak yon maksimòm de 100.

SE KI MOUN MOUN SA YO YE?

Yo ka enplike tout sektè ki patisipe nan vi sosyal, ekonomik ak politik peyi ou, ki gen enterè oswa lye ak Dwa Alimantasyon ak souverènte ak sekirite alimantè ak nitrisyon.

- Manm nan rezo a ak asosyasyon oswa òganizasyon biznis, komèsyal, ekonomik, òganizasyon agrikilti fanmi, agrikòl, pèch atezanal, elatrye
- Manm asosyasyon oswa òganizasyon sosyal, relijye, kiltirèl, espò ak atistik.
- Òganizasyon etnik, afrodesandan ak endijèn.
- Kominikatè. Medya yo.
- Manm òganizasyon non gouvènmantal ak sosyete sivil la an jeneral.
- Jèn moun yo, adolesan yo, timoun yo, granmoun aje yo.
- Moun ki gen andikap.
- Manm Institisyon oswa ajans gouvènman yo.
- Manm Palman an, Congrè, Lachanm.
- Akademik, pwofwèsè, investigatè.
- Majistra, konseye yo.
- Manm asosyasyon pwofesyonèl ak sendika.
- Manm mouvman sosyal.
- Manm pati politik.
- Sitwayen ak sitwayèn.

KIYÈS KI DIRIJE DYALÒG LA?

Yon moun ki gen kapasite lidèchip, ki modere dyalòg li nan yon fòm ouvri, respektive, ki bay konfians ak ouvèti ak diferan opinyon, ki pap kritike entèvensyon patisipan yo, ki jere tan an epi ki gen kapasite nan konsolide konklisyon epi motive kontinuite angajman dyalòg Grangou Zewo a.

Li enpòtan pou chak patisipan ekprime volonte l' de fè pati Jenerasyon Grangou Zewo. Se pou nou kreyatif !

KI KOTE DYALÒG LA FÈT

Nan katye ou, nan lekòl ki nan kominote w la, nan legliz ou, lekòl ou, nan òganizasyon de baz ou a, nan asosiyasyon nan. Li dwe yon kote ki senp kote moun reyini kotidiènman pou yo pataje ansanm epi chita pale alèz. Li tap bon si ta gen chèz, men si yo ta vle chita a tè, li

2 CHITA PALE

SOU KISA NOU PRAL PALE?

Pandan dyalòg la nou pral pale sou twa kesyon kle :

- 1 Kisa sa vle di ou se yon jenerasyon grangou zewo pou 2030 la?
- 2 Ki limitasyon oswa obtaks nou dwe simonte pou w se jenerasyon grangou zewo a?
- 3 Ki angajman nou kapab asime?

Nou motive pou chak moun fèl ak kontribisyon ki soti nan optik ak visyon l' sou grangou.

KI TÈM KI FÈ PATI DYALÒG GRANGOU ZEWÒ A?

Li posib pou nou touche divès tèm, pran an kont konesans chak moun. Li kapab geyen:

- Defi Grangou Zewo (RHC).
- Dwa Alimantasyon.
- Sekirite alimantè ak nitrisyon.
- Souverènte alimantè.
- Doub chay nitrisyon : denitrisyon ak twò gwo/ obezite.
- Agrikilti fanmi.
- Resous pwodiktif : dlo, tè.
- Gwoup vilnerab.
- Manje.
- Mache.
- Devlopman agrikilti ak / oswa riral.
- Pèt ak gaspiyay manje.
- Fè alètman.
- Objektif Devloman Dirab (ODS).



3 PATAJE

KISA NOU PRAL PATAJE A?

Sonje ke dyalòg la santre nan twa kesyon kle:

- 1 Kisa sa vle di ou se yon jenerasyon grangou zewo pou 2030 la ?
- 2 Ki limitasyon oswa obtaks nou dwe simonte pou w se yon jenerasyon grangou zewo a ?
- 3 Ki angajman nou kapab asime ?

Nan fen dyalòg la yo ta dwe fè yon sentèz pou pataje ak lòt gwoup nan rejyon an avèk èd **FÒMILÈ ZEWÒ** a, dokiman senp ki genyen instriksyon klè epi egzak pou ka gide dyalòg la.

KI KOTE MAP JWENN FÒMILÈ ZEWÒ A?

Nan katab sa a gen youn. Si ou ap kowòdine plis ke yon dyalòg, ou kapab fè kopi fòm nan.

Epi tou ou kapab mande l nan:
dialogoshambrecero@gmail.com

KOMAN MAP PATAJE REZILTA YO?

Mekanis ki pi bon an se tape rezilta yo atravè fòmilè ke ou te mande yo epi voye yo pi vit ke posib

Ann itilize rezo yo !

Fè foto ak video pou ka montre kijan ou travay epi nap monte yo nan rezo facebook, instagram ak youtube.

Tankou fòmilè yo ak rezilta yo, dokiman yo (video, foto) de sipò ou kapab voye yo nan :

dialogoshambrecero@gmail.com

Ou kapab pataje direktman nan gwoup facebook la !



DYALÒG JENERASYON



GRANGO
ZEWO

dialogoshambrecero@gmail.com
Facebook: dialogoshambreceroALyC
Twitter: DialogosHambreCero
Instagram: dialogoshambrecero